

Alkitab kanggo murangkalih  
Nyanggakeun



Daniel  
Jeung Guha  
Singa



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:  
Jonathan Hay

Disaluyukeun ku: Mary-Anne S.

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin


Diproduksi ku: Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2023 Bible for Children, Inc.


Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak  
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.




Darius teh nyaéta raja anyar Babul. Anjeunna pinter. Anjeunna milih saratus dua puluh jalma anu panghadéna di karajaanana pikeun ngabantosan anjeunna maréntah.




Lajeng anjeunna ngangkat tilu urang di antarana anu tiasa tanggung jawab. Daniel teh salah saurang tina tiluan lalaki éta.




Raja Darius ngahormat pisan ka Daniel, anjeunna keur ngarencanakeun Daniel anu bakal jadi pangawasa di sabudeureun karajaan.



Pamingpin-pamingpin anu lian timburu. Maranéhna ngarencanakeun pikeun manggihan kasalahan Daniel sangkan Daniel bakal jadi masalah kanggo raja.



Sing kumaha oge aranjeunna nyobian, para pamimpin ieu henteu mendakan hal kagoréng ti Daniel. Daniel teh jujur ka raja dina sagala hal anu anjeunna lampahkeun. Ogé, anjeunna ati-ati sareng pinter, sareng teras-terasan milampah sagala anu pangsaéna.



Pamingpin anu timburu terang yen ngan ukur aya hiji cara pikeun nangkep Daniel. Maranéhna nyaho yén di bumi moal aya nu ngahalangan manéhna nyembah ka Allah Israil.








Musuh-musuh Daniel mikirkeun rencana pikeun ngarancang undang-undang anyar anu kedah ditandatangani ku raja. Hukum nyebutkeun yen sarerea kudu neneda ngan ka Raja Darius. Saha-saha anu henteu nurut bakal dialungkeun ka guha singa!




Raja Darius nandatangananan hukum anyar.



Hukum anyar teu aya bédana pikeun Daniel. Anjeunna milampah naon anu biasa anjeunna lakukeun. Tilu kali sapoe anjeunna sujud hareupeun jandela nu muka, tuluy neneda ka Allah Nu Maha Agung.



Para pamingpin anu saririk geuwat ngabéjaan raja. Raja Darius teu boga pilihan iwal ti nahan Daniel. Hukum kedah diterapkeun. Daniel kedah maot. Sakumaha oge raja ngabelaan, tapi anjeunna henteu mendakan jalan pikeun ngarobih hukum.



Daniel kana hukuman maot ku cara diasupkeun kana guha singa. Sateuacan Daniel dialungkeun ka singa anu lapar, Raja Darius nyarios ka anjeunna, "Allah anjeun, anu ka mantenna anjeun ngawula terus-terusan, Anjeunna bakal nyalametkeun anjeun!"



Peuting eta raja teu sare. Isuk-isuk pisan,  
manéhna buru-buru balik ka liang singa.





Raja Darius ngagorowok,  
"Daniel, abdi Allah anu  
jumeneng, naha Allah  
anjeun anu ku anjeun  
diabdi salamina tiasa  
nyalametkeun anjeun  
tina singa?" Meureun  
manéhna teu ngarepkeun  
aya jawaban. Tapi  
Daniel ngawaler!




Daniel ngagero,  
"Duh raja, Allah  
abdi ngutus  
malaikat-Na jeung nutup sungut  
singa', ambéh henteu narajang  
kuring! Jeung ogé, nun raja, abdi  
teu milampah anu matak jadi  
masalah ka anjeun."





Raja Darius gumbira! Anjeunna maréntahkeun  
Daniel diangkat kaluar tina liang kubur.




Raja nyaho yen Allah geus  
nyalametkeun Daniel jeung  
eta musuh-musuh Daniel teh  
saleresna nyaeta musuh Allah.

Anjeunna maréntah kieu,  
sakabeh jalma anu tos nipu  
anjeunna pikeun  
nandatanganan  
hukum anu  
goréng, geura  
dialungkeun  
kana liang singa.  
Tuluy singa  
ngahakan  
maranehna.



Raja Darius hayang dunya nyaho yen Allah Sawarga geus nangtayungan hamba-Na satia, Daniel. Raja nulis surat anu marentahkeun ka sarerea pikeun nyembah ka Allah anu jumeneng. Jeung raja malikkeun Daniel ka kahormatan jeung kapamimpinan.



Daniel Jeung Guha Singa


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti


Daniel 6

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu  
masihan Caang." Psalm 119:130





34



60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

